

ASISTANS POU GAZ ABCD

PWOGRAM NAN LA SOTI NOVANM 2025 – AVRIL 2026

POU PWOPRIYETÈ KAY AK LOKATÈ



Nou ka ede ou menm ak fanmi ou rete an sekirite epi cho lè nou peye yon pòsyon nan bòdwo chofaj ou yo — lwil, gaz, elektrisite ak lòt bòdwo.

- Si w kalifye, nou ka peye jiska **\$1,000** nan bòdwo gaz ou a nan sezon fredri a.
- Si w **PA** abite nan lojman leta oswa federal sibvansyone, ou ka elijib pou asistans pa sèlmanak bòdwo chofaj men tou ak lwaye si chofaj la enkli ladan li.
- Tcheke tablo a pou wè si revni anyèl ou tonbe nan nivo ki endike a oswa pi ba pase.
- Si w kalifye pou asistans pou gaz ABCD a, nou ede w peye bòdwo chofaj sezon fredri w lè w ap travay dirèkteman ak founisè yo, epi w ka pwofite anpil lòt sèvis gratis.
- **ENPÒTAN:** Si ou te aplike pou Asistans Gaz nan sezon fredri pase a, ou dwe retounen aplikasyon yo te voye ba ou a pa lapòs pou resevwa asistans ane sa a.

Pwogram finansman federal sa a sèvi rezidan ki gen revni, granmoun aje ak andikape nan plizyè milye kay chak ane.

GID ELEJIBILITE YO: 2025-2026 ASISTANS GAZ

KANTITE MOUN KI NAN KAY LA	TOTAL REVNI BRIT PA ANE
1	\$51,777
2	\$67,709
3	\$83,641
4	\$99,573
5	\$115,504
6	\$131,436
7	\$134,423
8	\$137,410
Plis pase 8*	*GADE ANPLWAYE ASISTANS POU GAZ ABCD

APLIKE JODI A!

Moun ki rete nan Boston, Brookline, ak Newton

ka kontakte Asistans pou gaz ABCD a nan:

178 Tremont Street, Boston, MA.

Rele nou nan 617.357.6012

TTY: 617.423.9215

Moun ki rete nan Everett, Malden, Medford,

Melrose, Stoneham, Winchester, ak Woburn ka

kontakte Asistans pou gaz ABCD a nan:

18 Dartmouth Street, Malden MA.

Rele nou nan 781.322.6284

Oswa pran yon randevou nan lokal ABCD ki pi pre w ki endike sou do a